**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул
20 январь
РУЗМАН

№3
(7438)

Газета бахъизе
байбихьана
1937 соналъул
1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Нилъер тарих**

## 1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъ къабул гьабуна Дагъистаналъул Автономияб Советияб Социалистияб Республика гIуцIиялъул рахъалъ Декрет.

***Районалъул бетIерас районцоязда баркана ДАССР гIуцIаралдаса 96 сон тIубай.***



ХIурматиял районцоял! 1921 соналъул 20 январалда ТIолгороссиялъул централияб исполнительнияб комитеталъ къабул гьабуна Дагъистаналъе Автономия кьеялъул Декрет. Дагъистан лъугьана Россиялъул бутIалъун, гьелда сверухъ цолъана Дагъистаналъул халкъ. Дагъистаналъул Автономиялъ щула гьабуна Россиялъулгун Дагъистаналъул цолъи ва гъунки, гьелъул хIасилалда цебетIезе байбихьана Дагъистаналъул политикиялгун-экономикиял ва культуриял гьоркьорлъаби. Дагъистан киданиги хисичIо Россиялъе. Гьелъ ритIухъ гьабуна 1920 соналъул 13 ноябралда Темир-Хан -Шураялда тIобитIараб Дагъистаналъул халкъалъул иргадулаб гуреб съездалда Советияб халкъгун вацлъигун -гьудуллъиялда рукIине гьабураб кIудияб къотIи. Дагъистанияз гьеб бихьизабуна КIудияб ВатIанияб рагъдаги, 1999 соналъул августалъул къояз Дагъистаналда рукIарал лъугъа-бахъиназдаги.

Гьарула киналго районцоязе сахлъи, рохел, икъбал-талихI, район социалиябгун-экономикияб рахъалъ цебетIеялъе гIоло гьарулел хIалтIабазулъ чIахIиял бергьенлъаби.

**А.Вечедов,** районалъул бетIер

**Росдал магIишат: ресал ва шартIал**

# Гьабизе лъарасе ресал кигIанги руго

**Иргадулаб нухалъги росдал магIишаталъул хIакъалъулъ газеталда хъвазе пикру ккана жакъа нижергун гара-чIвариялда вугев районалъул росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулев ИсхIакъ Идрисовас абухъего, пикру ва хIалтIи жидее бокьухъе гьабизе халкъалъул ихтияр букIиналъ, амма росдал магIишатал гIуцIулезе пачалихъалъ рихьизарун ругел бигьалъабазул бицине гьесда тIадаб букIиналъ. Гьелдасан пайдаги босун, нижеца газеталда бахъулеб буго росдал магIишаталъул потребителазул кооперативазе ругел бигьалъабазул хIакъалъулъ ИсхIакъилгун гара-чIвари.**

**-ИсхIакъ, щиб жо кколеб СПоК? Пачалихъияб хъвай-хъвагIай гьабизе кколищ гьеб рагьизе ккани?**

-Гьеб буго росдал магIишаталъул потребителазул кооператив. Гьелъ жанире рачуна ЛПХ (жив бетIергьанаб магIишат), КФХ (рекъарухъабазулгун фермеразул магIишат) ва СПК (росдал магIишаталъул производственнияб кооператив). Пачалихъияб хъвай-хъвагIай гьабизе ккола СПоКазулги. Щибха бугеб, дир хIисабалда, гьезул тIокIаб жо цогидал магIишатаздасан? ЛПХ буго щивасул абуниги букIунеб жив бетIергьанаб магIишат (ах-хуралъул ва боцIи-панзалъул рахъалъ). КигIанги гIакъуба-захIматги бихьун гIадамаз цебехун бачунеб бетIергьанаб магIишат букIаниги, гьелъие щоларо субсидия. Гьанже рес буго жалго бетIергьанал магIишатал СПоКазде жаниреги рачун, хIалтIи гIуцIизе ва хIукуматалъухъан кумек щвезе.

**-Жакъа къоялде чан СПоК бугеб районалда хъвай-хъвагIай гьабураб?**

-КигIан лъикIал хIасилал магIишатазул рукIаниги, цониги кодоб босизе бегьулеб документ батичIолъиялъ, рес кьечIо араб соналъ нилъее грантал ва субсидиял щвезе.

Хъвай-хъвагIай гьабураб ункъо кооперативалда гьоркьосан цохIо СПоКалъул кIвана материал жанибе кьезе. ГIилла? ГIадамазда документал гIуцIизе лъангутIи бугин абуни, мекъи ккеларо. Хадубккун, юридикияб къагIидаялъ документалги гIуцIун, хIаракат бахъила магIишаталде ракIунтун бербалагьи бугезул материалазул хъвай-хъвагIай гьабизе.

ГIорхъолъа борчIараб къадар гIи-боцIул кагътидаги бихьизабун, хIукуматалъухъан гIарцулал сурсаталги тIалаб гьарун, цIилъулеб общественнияб производствоялъул цебетIейги гьечIого, магIишаталъул кинабгIаги хIисабкьейги гьабичIого, щвараб продукцияги жал маликаб хIалалъ хвезабун, рукIине бегьуларо магIишатазул нухмалъулелги.

Нижер пикруялда рекъон хIалтIи цебехун ани, «Терек», «Ражаб» КФХязул ва «Лъондода» СПКялъул магIишатазда кIвезе буго базаралда бугелдасан гIемерго учуз гьаналгун рахьдал нигIматаздалъун ва овощаздалъун районалъул больница, школал, интернатал, лъималазул ясли-ахал ва гIадамал хьезаризе. Гьеб гуребги, гIадамазул заказалда рекъонгицин гьан чIезабизеги (гIиял, чIегIербоцIул, гIанкIаби, ччугIа). Гьелъие гIурал ресалгун шартIалги руго.

Масала, кIикъоялда щуго чIегIерхIайван «Терек» КФХялъул, къоло щуго хIайван - «Лъондода» СПКялъул ва анцIго бетIер-«Ражаб» КФХялъул магIишатазда буго хъвезе хьихьулеб. Гьоркьохъеб хIисаб гьабуни, къого-къоло щуго тонна гьанал буго гьеб. Гьеб гурищ магIишатазул бетIергьабазе гIарац бугеб?! Гьел гурищ магIишатал кIодо гьаризе ва пачалихъалдасан субсидиял щвезе ресалгун шартIалги ругел?!



Жакъа дир кIудияб божилъи лъурал магIишатал ккола Хъвайниса ХIабиб СилахIудиновасул «СалихI» ва Гьигьалъа Герей Къагьировасул «Терек» магIишатал. Гьелги мисалалъе рачун, абула дица гIолохъабазда, хIалтIизе гьира бугес ресал ратулин, амма гьечIес багьанаби цIехолин.

Абиларо гьечIин росдал магIишаталъулгун гьудуллъи бокьуларел гIолохъабиян, бугониги «халгьабулезул» ролал хIалел гIемерал руго жакъа: «Гьазул хIалтIул хIасил щибдай ккела?»,-ян балагьун чIарал. МагIишаталъул нухмалъулесул аслияб суал букIунелъул «ГIезабураб продукция киб бичилеб?» абураб. Советияб заманалда пачалихъалъул заводазде кьолаан, жакъа заводалгун комбинаталги гьечIони, захIматчагIазул гьеб суалги битIараб буго. ГIакъубаги бихьун гьабураб хIалтIи хвезеги лъиеха бокьилеб?

ЛПХял, КФХял ва СПоКал рукIине руго районалъул нухмалъиялъул бербалагьиялда гъоркь. Росдал магIишаталъул министерствоялъ, хъутабазда гуребги, мугIрузул районаздаги магIишатал гIуцIизе, гьел церетIезаризе нижее кьураб тIадкъай букIине кколеб даражаялда билълъанхъизабулеб буго.

**-РагIун букIана республикаялъул росдал магIишаталъул министерствоялъул вакилзаби рази хутIанин нилъер районалъул магIишатазда гIи-боцIуца хасел тIамиялъул суалалда хурхун гьабураб сапаралдасан.**

-Шаваялда вугев районалъул вакил МухIамадрасул НурмухIамадовгун гьез хал гьабуна гъутабазда боцIуца хасел тIамиялъул. Республикаялъул росдал магIишаталъул министрасул заместитель Шагьмир БахIарчиевасул нухмалъиялда гъоркь гьенибе бачIараб къокъа цIакъ разиго хутIана нилъер магIишатазда гIуцIун бугеб хIалтIудаса.

Кинабго лъикI бугилан тIадруссарал гьезда дица абуна, кинабго лъикI букIунин нухалги къачIайдал, анцIила хадуб соналъ Шаваялде бачунеб, бачунго рагIалде бахъунареб газги бачIиндал, лъел рахъалъ ругел гIузрабиги тIурайдал. Гъутабазда лъалъалеб лъел суал роцIцIаниги, гьекъолеб лъел суал лъикI гьечIо. Гьел суалал тIуразе бокьи загьир гьабуна нижеца гьезда.

**-ИсхIакъ, цIиял магIишатал гIуцIулезе тайпадулаб боцIи щвезе кинал ресал ругел?**

-Тайпадулаб боцIи босизе рес буго росдал гIадамазе. Гьелъие гьаризе ккола рекъонкколел документал. Хьихьулеб тайпадулаб боцIи бихьун кьола субсидия. Гьеб суалгун аскIове вачIарав росдал администрациялъул бетIерасе кумек гьабизе рес буго нижер. Жакъа хъвай-хъвагIай бугеб лъабкъого КФХялъул цонигияб гьечIо субсидия щолеб. Гьеб щвезе ккани, хIажалъула стандартазда рекъон бараб рахьдал нигIматал къачIалеб (нисо-хIан бахъулеб) рукъ ва гьелъие хIажатаб къайи-къоно. Гьединаб магIишаталъе бечIчIараб рахьдал литраялъухъ щола къоло ункъо гъурущ ва тIаде хIукуматалъги кьола субсидия хIисабалда литраялъухъ анкьго гъурущ. Гьеле рахьдал хайир!

Рес буго речIчIулел цIцIани хьихьизеги. Гьел хьихьиялъухъги хIукуматалъ субсидия кьолеб буго.

Росдал администрациязул бутIрузулгун ахиралда букIараб данделъиялда рорхана гьел суалал. Гьенибго гьезда бицана кинал ресал ругел учузго росдал халкъалъе кваназе ва фуражалъе ролъ, цIоросаролъ ва пурчIина щвезе. Жакъа базаралда килограммалъухъ анцIила кIиго-анцIила щуго гъурущ гьечIого, гьеб щоларо. Рес буго щуго-анлъго гъурщие гьеб щвезе. Дица лъандадерие кIикъого тонна ролъул бачIана гьединги гьабун. БоцIуе кормадуеги, рокъоб ханждаеги ххенана дир росуцояз гьеб. ГIезегIан лъикIаб даражадул ролъ букIун бугин баркала загьир гьабуна дир росуцояз, хадубккунги гьедин босизе къотIиги ккана.

ХIилла-макру гьечIого, цокъоялъулаб гIумруялъул хIисабалда рукIинчIого, ракI унтун гIуцIараб магIишаталъ нилъеегун нилъер хъизан-лъималазеги хайир кьезе буго, гьединго рукIина гIадамазе хIалтIулал бакIалги.

Якъинаб жо, рукъалъул цо-кIиго чияс магIишат цебе бачунареблъи. Гьелъие къваригIуна дагьа-макъабниги лъайги махщел бугел гIадамал. Щибаб ишалъулъ хIажалъула специалист. Лъай бугониги, махщел гIоларелги камуларо гIолохъаби, ракулгун мазуталъул махIал ругел бакIазда хIалтIизе бокьунгутIиялъ. Гъункараб, цояс цояв хисулеб коллектив буго кинабгIаги хIалтIул аслияб къуват. Гьединал коллективал гIуцIизе ва халкъалъе хIалтIулал бакIал рукIинаризе ресал кьолел руго нилъее хIукуматалъ. Росдал магIишат цебе бачине бокьарас Интернеталда цIехезе бегьула гьелъие ругел нухал ва ресал. Квешабщинаб цIехечIого, пайда бугеб тIалаб гьабе информация Интерналдасан. Гьенирeги раккун, рес буго кинабго лъазеги, ккарал хиса-басиял рихьизеги, специалистазул малъа-хъваял цIализеги.

Ахиралдаги абила хIалтIизе ракI бугезе ресал кигIанги ругин. ГьечIезе щибха гьабилеб? Багьанаби ургъулел тела.

**-ИсхIакъ, баркала пайдаяб гара-чIвариялъухъ.**

**ЦIияб тIехь**

# Сабигатил поэзиялъулаб иргадулаб мажмугI

МухIамад Шамхалов гьавуралдаса 100 сон тIубаялъул тадбиралда Агъвали ячIарай нилъер ракъцояй поэтесса Сабигат МухIамадовалъулгун ккараб гара-чIвариялдаса баянлъана дагьалъ цебе басмаялда бахъун букIин гьелъул иргадулаб «БухIараб гьури» абураб кучIдузул мажмугI.

**БухIараб гьороца черх чурхьаниги,**




**Чилъи рехун течIел чIахьаян абе.**
**Гьаб дуниялалда гьоболлъухъ рукIин**
**КIочон толареза Аллагь гурхIаги,**-ян байбихьулеб буго Сабигатица жиндирго гьитIинаб шигIрабазул тIехь.

Аслияб къагIидаялда, автораль тIехь данде гьабун буго ункъмухъилал кучIдуздасан. КигIан гьитIинаб бугониги, тIехьалда ратула гIун бачIунеб гIелалъе гIумруялъул дарсал. Сабигатица кочIодалъун цIалдолел ахIулел руго гьудул-гьалмагълъи цIуниялде, гIаданлъигун намус хвезе биччангутIиялде, загьир гьабулел руго гьеб рахьалъ жиндирго пикраби ва гьарулел руго насихIатал, нахъчIвалеб буго хIалихьалъи ва гIарцухъ яхI-намус бичи.

**ГIодана гьудуллъи гIарцухъе щведал,**
**ГьитIинлъана намус месед бихьидал,**
**ЧIагоял гIадамал, гIадада хоге,**
**ГIаданлъигун чилъи чехьалъухъ кьоге.**

Сундуе гIоло лъачIого чIвалел гIолохъабазул хIакъалъулъ хъвалеб буго шагIиралъ гьадин:

**Жакъа гьаб дуниял гIасилъун буго,**
**ГIолохъанлъи буго хабал рагIалда.**
**Кинан нуж цIунилел вахIшиял чагIаз,**
**ЦIадаре гъун унел гьал гIолохъаби.**
**Эбел, дур рекIеда хIетIеги тIад чIун**
**ЧIвалел васал руго, Аллагь, цIуне гьел.**
**БетIергьан, тIагIине гьабе вахIшилъи.**
**ГурхIулев, дуцаго цIуне гьаб гIалам.**

Эбелалъул хIеренлъиялъул ва хIалимлъиялъул, гьелдехун бугеб рокьи-хинлъиялъул хIакъалъулъ Сабигатица хъвалеб буго:

**Алжан дур хIатIикьин хIадисал руго,**
**Дий алжан - хъулухъ дуй гьабизе щвани.**
**Огь, ниж кватIугеги, кватIун ккогеги,**
**Эбел-инсул адаб, тIалаб гьабизе.**

ГIагараб ракьалдехун бугеб жиндирго рекIел асар загьир гьабулеб буго, гьелъ «ГIодулеб кьуру» абулеб кочIоль (гьеб кьуру буго Инхокъвари унелъул квегIиса, лъарал рагIалда)...

**Росулъе щолезда, нахъе унезда,**
**Хадубги балагъун кьойил гIодулеб,**
**Нахъ вуссанин бохун гирулеб магIу,**
**Росу танин гурхIун гирулеб магIу.**

Гьединго цIалдолезе Сабигатил тIехьалда ратизе руго ВатIан бокьиялде, квешаб-мекъалдасан рикIкIад чIеялде, къадру-кьимат цIуниялде цIалдолел ахIулел кучIдул ва рокьул хIасрат загьир гьабулел мухъалги.

ТIехьалъул ахиралда авторалъ «Васасде» абураб кочIоль рихьизарулел руго гIадамазда гьоркьов берцинго хьвада-чIвадиялъул ва рукIарахьиналъул хасльаби:

**Воре, мун чучуге, чарлъун хьвадуге,**
**Кьиматаб гурони рагIи абуге.**
**Ишазулъ вихьула ракьалда инсан,**
**Сабруялъ борцуна гIакълу чиясул.**

Сабигат ккола магIарулазул машгьурай поэтесса, хIалтIулей йиго МахIачхъалаялда Пушкинил цIаралда бугеб республикаялъулаб гIолилазул библиотекаялда отделалъул нухмалъулейлъун.

Баркула Сабигатида цIияб тIехь къватIибе бачIин, гьарула гьелъие сахлъи ва рохел, жеги цIиял кучIдул хьвазе пагьму ва гьунар.

**ГIубайдула Малачдибиров**

**Баркалаялъул кагъат**

# Кумек гьабуна

Ахирал соназ букIинчIеб гIадаб цIорораб буго исана магIарухъ хасел. Декабрь моцIалъул ахиралда бараб кутакаб гIаздаца захIмалъиялде ккун рукIана Ункъракьалъул росаби. Свана Метрада, Гъоркьхъварщини, ТIадхъварщини, Цихалахъ, Хушет, Сагьада ва Лъацуда росабалъ токалъул канлъи, гIаздаца къана нухал, букIинчIо къанагIатти телефоналъулаб бухьен. ГIадамал хIажаталлъун ккана ахIи базе. ХIалае рахьана Метрада ва Гъоркьхъеварщини росабазул администрациябазул бутIрул МухIамад ГIисаев ва НустIапа ГIалиев. Гьезул жигарчилъиялдалъун лъабгоункъго кьойидаса росабалъе бачIана ток, гьединго районалъул нухазул участкаялъул нухмалъулесул заместитель Шамил Пумаровас витIун вачIана тракторист Сагьадаса МухIамад. ГIодобе тIуни лъеда цIер чIвалеб цIороялда Метрада, Гъоркьхъварщини ва ТIадхъварщини росабалъе нухалги рагьун, ана гьев мадугьалихъ ругел Гьакъо ва Силди росабалъе нухал рагьизе.

Бокьун буго гьел росабазул жамагIатазул рахьалдасан, газета гьоркьоб ккун, захIмалъиялде ниж ккедал кумек гьабуразе, хасго тракторист МухIамадие ракI-ракIалъулаб баркалаги загьир гьабулаго, баркизе гьезда тIаде щвараб ЦIияб 2017 сон ва гьаризе щулияб сахлъи, халатаб гIумру, рохел, рекIее щулияб иман.

**ХIабиб Давудов,** Метрада росу

**Объявлен конкурс**

Решением Собрания депутатов сельского поселения «село Хушет» от 13. 01.2017 г. №1 на 28 февраля 2017 года объявлен конкурс по отбору кандидатур на должность Главы сельского поселения «село Хушет».

Приём документов осуществляется с момента опубликования настоящего объявления в срок до 10 февраля 2017 года в АСП «село Хушет», в рабочие дни с 9-00 до 12-00 и с 13-00 до 17-00 часов.

**Для участия в конкурсе кандидат представляет лично следующие документы:**

личное заявление на участие в конкурсе; собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографий 4х5-3 шт; паспорт или заменяющий его документ; документы, подтверждающие профессиональное образование, стаж работы и квалификацию (при наличии): документ о профессиональном образовании, трудовая книжка или иной документ, подтверждающий трудовую (служебную) деятельность гражданина; сведения о доходах и расходах кандидата, его супруги (супруга), несовершеннолетних детей, принадлежащем им имуществе, вкладах в банках, ценных бумагах; согласие на обработку персональных данных. Также подаются копии всех документов.

В качестве конкурсного задания кандидат представляет Программу действий, направленную на улучшение социально-экономической ситуации в сельском поселении. Программа подписывается кандидатом и представляется Комиссии в день проведения конкурса.

Иные условия и порядок проведения конкурса, формы необходимых для участия в конкурсе документов утверждены решением Собрания депутатов сельского поселения «село Хушет» от 10.07.2015 г. №8 «Об утверждении Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения».

**Рузман къоялъул вагIза**

# Даран гьабиялъулъ хIалаллъи ва хIарамлъи

ТIадегIанав Аллагьас хIалал гьабуна даран ва хIарам гьабуна риба (къарзалъе гIарац кьей цIикIкIун нахъ буссинабизе кьотIиялда) суратул «Бакъара» 245 аят. Даран гьаби хира гьабун буго БетIергьанас, щайгурелъул вичарухъанас нилъее хIажатаб жо нилъехъе щвезабулеб буго жинцаго кIвахI бахъун, гIакъубазахIмат бихьун. Гьелдалъун гьесие кириги хъвала, боцIуда ва бачIараб хайиралда баракатги лъола. Амма, диналъул вацал ва яцал, гьеб хиралъи щвезе ккани, шартIал руго нилъее рихьизарурал. Гьел шартIаздаса тIоцебесеб ва аслиябги буго дармилъ жаниб хIилла-рекI, гьереси, гьедари гьечIого букIин. Хирияб Къуръаналда ТIадегIанас абулеб буго: «Квешаб гIазаб букIине буго жидеца къали-сахIалъулъ хиянат гьабулел гIадамазе. ГIадамаздаса жидеца босулеб мехалъ, гьеб къали-сахI камил гьабун цIезе гьабулел ва жидеца гIадамазе борцунеб мехалъ, гьеб борцунеб ва цIалеб жо, мукъсан (дагь) гьабулел. Гьал гIадамазда лъалайищ гьечIеб, жал тIаде рахьинаризе рукIин, жиндир жан-хIал кIудияб Къиямасеб къоялъ?» Суратул мутIаффифин(1-5 аятал).

Цо ролъ бичулев вичарухъанасда аскIовеги щун, гьесул ролъалда жанибе квер биччан хадуб, гьеб жанисан биччараб батидал Аварагас (с.гI. в.) абуна: «Гьаб щиб жо, вичарухъан?», «Гьеб цIадалдалъун буго»,- ян абуна дос. Гьесие жаваб гьабун, Аварагас (с.гI.в.) абулеб буго: «Щайха дуца гьеб биччарабаб гIадамазда бихьизе тIадехун лъечIеб?! Ниж гуккулев чи, нижедаса гьечIо»,-ян. (Муслимица бицана).

Цогидаб хIадисалда абулеб буго: «Цо берцинаб куц гьабун ричулел кванил тIагIамазда аскIоса унаго, Аварагас (с.гI.в.) квер биччана жанибе, гьесда гьел ратана кьимат хварал. Гьес вичарухъанасда абулеб буго: «Гьаб кьимат бугеб, кьимат гьечIелдаса батIа гьабун биче. Ниж гуккулев чи, нижедаса гьечIо»,-абун. Ислам баккараб мехалъ, гьелъул берцинлъи, бацIцIалъи бихьун, Аллагьасда иман лъурал бусурбабаца даран гьабулеб букIана гьереси, гукки гьечIого, босулесда бичулеб жоялъул, хасго боцIул гIунгутIи бицунеб букIана. Гьезул иманалъ ва намусалъ къабул гьабулеб букIинчIо гьереси, рекIкI живго гIадинав, жиндир диналъул вац-яц гуккун, гьезухъан гIарац боси. Абу ГьурайратIица бицунеб хIадисалда буго Аварагас (с.гI.в.) абунин замана бачIине бугин жинца бакIарулеб бечелъиялъул хIалаллъи хIарамлъиялде инсанас кIвар кьолареб. (Бухари).

Бусурбабазда Исламалъ малъана кинаб къагIидаялъ жинца гIумру гьабизе кколеб жив гьавуралдаса байбихьун хвалил бусада вегизегIан. Аллагьас гьабе абун амру гьабураб тIубазе гьабун, гьабуге абураб, жибго тун, кинабго рахьалъан мисаллъун рукIине тIадаб буго нилъеда. Гьаниб хьвачIого рес гьечIеб буго, доб авалалда бачараб хиянатал, гIадамал гуккулел ричарухъабазе бугеб гIазабалъул аятал. ГIадамазул хIажатал тIуразе тарал хIакимзабазги жидеда тIадал ишал ракIбацIцIадго, рукIине кколеб куцалда тIуралел гьечIони, (жал хIалтIуде кватIулел, хIалтIуда ругониги, цоявгун сагIаталъ кIалъан, гьудул-гьалмагъ, гIагарав чигун заман инабун, цогидав рикIкIадаса вачIарав балагъун чIун тун) гьединаб ургъел гьечIеб бербалагьиги, кIвар гьечIольиги, чIухIиги диналъул вацасдехун, яцалдехун, Аллагьас вижарав чиясдехун, батIалъи гьечIого, букIине бегьулеб хасият гьечIо хасго хъулухъчиясул.

Гьединлъидал хIалтIуда вугев чияс хIисаб гьабизе ккела жинца босулеб харжалъул, гьабулеб хъулухъалъул, гIадамазул хIажатал тIураялъул кинаб даражадай бугеб, жиндир бегьулареб гIамал -хасияталъул.

Аллагьасул Расулас (с.гI.в.) абулеб буго: «Жиндир гIамал берцинав чи вахуна къаси вахъун гIибадат гьабулев, къад кIалккун вукIунев чиясул даражалде». (Ал-Тирмизи).

Дир хьул буго, диналъул вацал ва яцал, гьаб дир вагIзаялдаса дагьаб босунги, пайда босилин абун. Аллагьас нилъее кумек гьабеги хIакъаб битIараб нух ккевзе, Аллагьги, Аварагги (с.гI.в.) разилъулеб куцалда гIумру гьабизе. Амин!

**ХIамзат Саидов,** КIочIали росдал мажгиталъул имам

## Авар кицаби ва абиял

Алжан улбузул хIатIазда гъоркьила букIунеб (эбел-инсуе гьабураб хъулухъалда банила лъимализе алжан букIунеб).

Аллагь кIалалъухъ гурила гIенеккулев, ракIалъухъила.

Аллагьасул къадар къед борлъунги бачIунебила.

БетIералъе рахIат течIони, хIатIал свакала, черхалъе рахIат течIони, унти гIемерлъула.

БетIергьанчияс рахь хахани, бече букIунаро.

Бецав чияс нух малъун, нухда витIун ккеларо.

Бечедав чиясул бетIер унтани, бухьине жо босун, росу бортула. МискинчIужуялъул лъимер унтани, унтараб лъалелде хванин рагIула.

ГIебуда зар баге, зазида хIетIе чIоге.

Заз баккудасагойила бегIераб букIунеб.

ЗахIмат бихьичIого щвараб боцIуца чи гьалаг гьавула.

ЗахIмат бихьун-дуниял, гIамал бихьун-ахират.

Зодосан рахIмат кьеги, гIодосан баркат кьеги.

# Адабияталъул гъасда

## ТIаса лъугьа, БетIергьан!

МухIамад Абакаров

Къаси макъу гьечIо, къад рахIат гьечIо,
Хвалил ургъалабаз гъанкъулев вуго.
ЧIегIерлахIтуялъул пикраби гьарун,
Лугбал сородула, сабру тIагIуна.

Дир ракI пашманлъула, берал гIодула,
Огь, чIегIераб лахIту, чIегIераб лахIту…
Жаниб канлъи гьечIеб, кьватIиб нух гьечIеб,
Къанабаз рахараб къваридаб лахIту…

АскIой лъади гьечIеб, лъималги гьечIеб,
Лъиде аскIов инев ургъел бикьизе?
Берцинаб гIатIидаб гьаб дунялги тун,
Ракьул чохьонире рещтIинаха нилъ…

БотIрол рас гIадинаб, тIеренаб СиратI,
Сунда щив рекIундай бахине бугеб?
Бакъул бухIи гучаб махIшаралъул кьо
КIвеладай хIехьезе гьаримзабазда?

Дир гьудулзабиги цо-цоккун ана…
Цадахъ щиб босундай сапар бухьараб?
Алжандай жужахIдай тIаса бищараб,
ГIодулелдай ругел, рохундай ругел?

Дунги херлъун вуго, ирга щун буго,
Хвалил чапарасухъ валагьун вуго.
Гъапулго хьвадана, гьалатIал ккана.
Дун рекIекъав вуго, пашманав вуго.

ТIокIаб хIарамаб иш гьабизе гьечIо,
Аллагьас тIад лъураб парзги тIубала.
Шишил гьудулзаби щущахъги риччан,
Диналъул вацалгун буго гьудуллъи.

ТIадаб хIеж борхана, гIумра тIубана
ТIаса лъугьа, Аллагь, чуре мунагьал.
ГурхIел-рахIму бугев, хирияв Аллагь,

## Кидаго цо хIалалда гIадамал хутIуларо...

Лъимал кIудиял гIола.
Херал хобалъ гочуна…
Кванан, гьекъон, кепалда
Кидаго цо хIалалда
ГIадамал хутIуларо…

Дов залимав, зулмуяв,
Кьурулъ вахчун вукIарав
Миллиардер Амиров
Ккараб бакI бихьуларищ?..

Бечедал мискинлъула,
Мискинал бечелъула.
Рохелги пашманлъиги
Иргаялда рещтIуна.

Сахалги унтулелин,
Унтаралги сахлъулин.
Кидаго цо хIалалда
ГIадамал хутIуларо…

Вугев Аллагь гьечIилан,
АхIдолеб компартия
ТIаса гьорлъе сверана.
ГIемер коммунисталги,
Исламалде рачIана.

Сордо уна, кьо щола
Кьокьаб бугин гьаб гIумру
ГIагарлъун бугин ахир
Хвалил гьаре пикраби.

СиратI тIеренаб буго,
ТIаса ине захIматаб.
Сапар халатаб буго,
Нахъ руссине рес гьечIеб.

Абадияб рокьоре
Щиб босундай рещтIина?
Хинлъи-цIорой рекьараб
БукIинадай ахират?

ГурхIе, Аллагь, нижеда,
Чуре нижер мунагьал.
Алжаналъул агьлулъун,
Нижги гьаре, БетIергьан!
Амин, Амин, я Аллагь!

## ЦIияб сон баркула цIумадисезда

Муса МухIамадов



Басрияб сон ана, цIияб бачIана.
ЦIияб сон баркула цIумадисезда.
ТIаде щвараб соналъ дир ракьцоязе,
Щулияб сахлъигун рохел гьарула.

Халатаб гIумру кьун бохаги абе,
Аллагьас цIунараб, дир гьитIинаб халкъ.

Бакъулал гурони, роччарал кьоял
Дир районцоязда рихьуге абе.

Басрияб соналъул тIолго гьалатIал
РитIизеги гьарун, цевехун ине,
Районалъул бетIер АнвархIажие,
ЦIиял бергьенлъаби гьарула дица.

«ЦIумадисезул гьаракь», гьарула дуе
КIудияб рохелгун, рекIелъ чIухIигун,
Ункъого сон тIубай кIодо гьабизе
Дур подписчиказул къадарги цIикIкIун.

Хирияб ЦIумада, цIияб соналъ дур
ГIумру бечелъаги, бачIин цIикIкIаги.
Г1емерлъаги боц1и, лъикIлъаги яшав,
Лъай бугел гIолохъаби гIемерлъаги дур.

## РекIел анищазул щенон балеб цIад…

ГIабдула Зубаиров



Нахъе руссунарел сварал лахIзатал,
Сонал цIикIкIанагIан, цIвалъун кенчIола.
РекIел къварилъаби, къасдал, пикраби,
Паркьола, жендола, жалго рачIуна.

Дий такрарлъи гьечIеб талихIаб лахIзат,
Те, дун свакан вугин, кьоге суалал…
Риччарал гьалатIал, боржараб заман,
Багъулин гьурилъун, хIунчулин зазлъун.

Дир гIакъилай эбел, дур рагIабазул,
МагIна кватIун лъана, тIаса лъугьа мун…
ГIумруялъул гьудул тушман лъугьунеб,
Кьойищ гIагарлъараб гIумрудул нухда…

«Рокьи гьабун яче, ячулес лъади,
РекIел жубай гIадаб жо букIунарин…»

## Дир гIагарал мугIрул

МухIамад МуртазагIалиев



Дир гIазулал муг1рул,
Гъваридал кIкIалал,
КIкIалахъан чвахулел
ЦIорорал иццал.

Дун жанив вижараб
Умумузул ракь,
Эркенлъи бокьулел
ЦIумазул улка.

БацIцIадаб гьавагун
ЦIорорал лълъинал,
Даим нижей кьолел
ГIурччинал рохьал.

Дир росуцояца
«Чара гьечIого»,
Кепалъе гъурулел
Чундулгун бисал.

Бокьун буго дие
Думалъ рукIине,
Берцинал мугIрулгун
БацIцIадаб гьава.

Нилъер умумуца,
Ирсалъе тарал.
Берцинал бисалги
КамунгутIизе.

Биччан те нилъее
Даим букIине,
ГIаздалъан чвахулеб
Лъарал чил-чили.

Рорхатал мугIрузда
БоцIул гIухьбуца,
АхIулеб кечIалъул
Берцинаб бакъан.

## Эбел-инсул бухIи

ГIумар Жамалудинов



Эбел-инсул бухIи, гьезул хIалимлъи
ХIал бихьарав вугищ, кьогIлъарав вугищ?
Кьо гьечIеб гIор бахун, гIумрудул нухда
Нахъе тараб талихI батарав вугищ?

Дун гьитIинго вукIун, кIудияв гIуна
ГIумруялъ малъана лъикIабгун квешаб.
БахIарав, бахIарлъи, дир гIолохъанлъи,
ГIанчIлъиги чIухIиги мугIрузда ана.

РекIел хиялаца хъалаби гIуна,
Анищаз бекьана мискин-пакъирлъи.
Даимаб рещц буго БетIергьанасе,
ГьетIи гьечIеб нухда дун тIовитIарав.

ГIазизав Аллагьас кьуралда рази,
РекIел мурад буго щивасе иман.
Дунгоги хьул лъурав лъикIабщиналде,
Дий гIаданлъи кьеяв, хирияв Аллагь.

Щванищ магIарухъе? ГIоданищ берал?
ГIазул цIурал мугIруз гIарзал рахъанищ?
Руссунареб сапар бухьараздехун,
ДугIа-алхIам гьабун, гьабунищ накъит?

Дулъ пикру бачIанищ, чIобогояб рукъ,
ЧIарбида гвенд бугин къанабаз къараб?
Къварилъи ккаразул хIисаб гьабунищ?
Нагагьги къварилъи данде бачанищ?

Эбел-инсул бухIи, хIалимаб калам,
Кидаяли цебе цохIо баараб.
РакIалде бачIунищ, асар гьабунищ?
Гьелъул магIна бичIчIун, унго вахъулищ?

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ: Редакторасул 2-52-44 Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакцияльул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакцияльул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТяльул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакцияльул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб льагIалие - 51377 льагIалие - 63302 Тираж -1960 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

**Налоговая служба**

# Изменения в налоговом законодательстве

С 15 июля 2016 года вступил в силу Федеральный закон № 290-ФЗ «О внесении изменений в Федеральный закон «О применении контрольно- кассовой техники при осуществлении наличных денежных расчетов и (или) расчетов с использованием платежных карт» и отдельные законодательные акты Российской Федерации».

Новая контрольно-кассовая техника будет автоматически передавать в налоговую инспекцию данные о полученной выручке налогоплательщика.

С 15 июля 2016 года предусмотрена возможность добровольного перехода на новый порядок, с 1 февраля 2017 года регистрация ККТ будет осуществляться только по новому порядку, а с 1 июля 2017 года старый порядок прекратит свое действие. При этом у предприятий сферы услуг, владельцев торговых автоматов, а также лиц, применяющих патент и ЕНВД, то есть для малого бизнеса, который не был обязан применять ККТ, будет еще целый год для перехода на новый порядок, для них он становится обязательным с 1 июля 2018 года.

С 1 февраля 2017 года, перед тем как зарегистрировать ККТ в налоговой инспекции, организации и ИП обязаны будут заключить договор с оператором фискальных данных.

Последний - это специализированная Российская организация, имеющая разрешение на обработку данных о кассовых транзакциях, которая будет передавать фискальные данные о кассовой выручке в налоговую инспекцию через Интернет. Регистрировать после указанной даты налоговики будут только технику нового поколения, приспособленную для передачи таких данных.

С 1 июля 2018 года кассовые аппараты обязаны будут применять все организации и ИП, производящие расчеты, включая тех, кто применяет патентную систему налогообложения, платит ЕНВД, оказывает услуги населению с выдачей БСС (ст. 7 Закона 290- ФЗ).

Ужесточена ответственность за неприменение ККТ. В частности, неприменение кассового аппарата при расчетах влечет наложение административного штрафа на должностных лиц в размере от одной четвертой до одной второй от суммы расчета, но не менее 10 тыс. руб., на юридических лиц - от трех четвертых до одного размера суммы расчета, но не менее 30 тыс. руб. (ч. 2 ст. 14.5 КоАП РФ в новой редакции).

Новая редакция Закона № 54-ФЗ вступит в силу 15 июля 2016 года, за исключением положений, для которых установлен иной срок вступления их в силу (п. 1 ст. 7 Закона 290-ФЗ).

**М. Дибиров,** специалист МРИ ФНС России №12 по РД

**Пограничное управление**

## УСЛОВИЯ ПРОХОЖДЕНИЯ СЛУЖБЫ

На службу в Пограничные органы ФСБ России принимаются лица мужского и женского пола с 18 до 32 лет, имеющие высшее образование (допускается без службы по призыву) или среднее образование, но прошедшие военную службу по призыву в Вооруженных Силах Российской Федерации (для лиц женского пола служба по призыву не требуется). Женщины принимаются на службу на должности фельдшера, шеф-повара (при обращении на службу при себе необходимо иметь подтверждающие документы об образовании).

В ходе изучения, кандидат подвергается психологическому тестированию, направляется на медицинское освидетельствование, сдает нормативы по физической подготовке. Предварительная запись на первичную беседу проводится по телефону (89674023912, 89674023944) по четвергам каждого месяца с 09.00- 16.00. Изучение кандидатов происходит в течении 4-6 месяцев.

В соответствии с Постановлением Правительства Российской Федераций от 9 февраля 2004 г. № 65 «О дополнительных гарантиях и компенсациях военнослужащим и сотрудникам федеральных органов исполнительной власти, участвующим в контртеррористических операциях и обеспечивающим правопорядок и общественную безопасность на территории Северо-Кавказского региона РФ» (в ред. Постановления Правительства РФ от 28.10.2009 № 851) засчитывается сотрудникам и военнослужащим, проходящим военную службу по контракту, в выслугу лет (трудовой стаж) для назначения пенсии 1 месяц службы (военной службы) за 1,5 месяца.

Вновь поступившие на военную службу на профессиональной основе сотрудники участвуют в военной ипотеке на получение жилья.

На весь период службы на территории Республики Дагестан обеспечиваются служебным жильём по месту дислокации подразделений. Не обеспеченные по различным причинам служебным жильём, имеют право на получение денежной компенсации за найм (поднайм) жилой площади.

Военнослужащим органов федеральной службы безопасности проходящим военную службу на территории Республики Дагестан выплачивается ежемесячная надбавка за особые условия военной службы в размере 40 процентов от оклада по воинской должности.

Военнослужащим, проходящим военную службу в Службе в п. Хунзах и в Службе в п. Ахты ПУ ФСБ России по Республике Дагестан в соответствии постановлением Правительства РФ от 30.12.2011 №. 1237, выплачивается денежное довольствие с учетом коэффициентов за военную службу в высокогорных районах.

В соответствии с Федеральным законом от 07.11.2011 г. № 306-ФЗ «О денежном довольствии военнослужащих и предоставлении им отдельных выплат» с 1 января 2013 года средний размер денежного довольствия получаемого военнослужащими ПУ ФСБ России по Республике Дагестан составляет:

1.Прапорщики - 60 000 - 65 000 руб.

2.Сержантский состав - 50 000 - 55 000 руб.

Сотрудники, проходящие военную службу на воинских должностях в подразделениях непосредственно охраняющих государственную границу, имеют право на дополнительный отпуск в количестве 15 суток.

Все сотрудники должны быть готовы проходить службу в любых регионах Российской Федерации и за её пределами.

**Р. Хисаметдинов,** заместитель начальника Службы в п. Хунзах

**Лъазаби**

**2 февралалда радал сагIат анцIгоялда Агъвали культураялъул КIалгIаялда тIобитIизе буго районалъул студентазулгун, гIолилазул ва интеллигенциялъул данделъи.**

**Глава муниципального района «Цумадинский район»**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ № 123

**от « 30 » декабря 2016 г.**

В соответствии с Федеральным законом от 6 октября 2006 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации, Закона РД №167 «О порядке формирования представительных органов муниципальных районов Республики Дагестан и избрания глав муниципальных образований от 16.09.2014 года и Устава МО «Цумадинский район» постановляю:

1.Назначить членами конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет «Хваршинский».

**Глава муниципального А. М. Вечедов**

**Приложение
к постановлению Главы
МР «Цумадинский район»
от 30.12.2016 г. №123**

**Список**

членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Сельсовет Хваршинский»

Члены конкурсной комиссии, назначенных:

**1.Главой муниципального района.**

**Коратов Магомед Магомедович**- начальник отдела внутренней политики и ВОГВ,

**Магомедов Халилула Гусейнович**-ведущий специалист по опеке и попечительству.

**2.Решением Собрания депутатов сельского поселения.**

**Магомедов Абдула Магомедгаджиевич, Алиев Марат.**

**Аукцион**

## Реализуется транспортное средство

Администрация МР «Цумадинский район» реализует на аукционе автомобиль УАЗ-220695-04 2009 года выпуска (балансодержатель администрация МР «Цумадинский район»), начальная цена продажи 21 125 рублей, задаток от начальной цены 4224 рублей.

Заявки для участия в аукционе принимаются в течение 25 дней со дня опубликования сообщения в газете.

Для участия в аукционе необходимо представить заявку, копию паспорта и квитанцию об оплате задатка. Определение участников аукциона состоится на следующий рабочий день после окончания подачи заявок.

Победителем признаётся участник аукциона, предложивший наибольшую цену за автотранспорт. К участию в торгах допускаются физические и юридические лица, своевременно подавшие заявки и оплатившие задаток. Задаток оплачивается в МБУ «Централизованная бухгалтерия» администрации МР «Цумадинский район». Шаг аукциона 500 рублей.

Заявки принимаются по адресу: Цумадинский район, с. Агвали, отдел финансов, экономики и имущественных отношений администрации МР «Цумадинский район».

Хонохъ мажгиталда батун буго сагIат. Биларав чи вачIине бегьула росдал имамасухъе.

* * *

Агъвали базаралда бортун буго гIарац. Батараз ахIизе бегьула телефоналъул 89094822595 номералде. Батаразе сайгъат букIине буго.

* * *

Агъвали базаралда батун буго меседил кIиликI. Биларал ине бегьула доручастокалде ТIалхIатил чIужуялъухъе.